Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 43 MILYON DOLA POU PWOGRAM FÒMASYON TRAVAY NAN TOUT REJYON ATRAVÈ ETA NOUYÒK

Inisyativ la vize bay Nouyòkè k ap refè anba adiksyon opòtinite travay ki estab

Inisyativ Reyabilitasyon Pwofesyonèl la entegre fòmasyon travay ak sipò plasman nan sèvis pou itilizasyon sibstans

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse yon sibvansyon ki totalize 42.9 milyon dola pou finanse efò fòmasyon travay ak plasman atravè Eta Nouyòk pou moun adiksyon afekte e ki pare pou antre nan mendèv la. Sa a enkli plis pase 35.6 milyon dola pou anboche ak kenbe konseye reyabilitasyon vokasyonèl nan founisè sèvis adiksyon, ansanm ak yon lòt 7.3 milyon dola pou de òganizasyon ki pral bay sèvis sipò rejyonal pou konseye yo anboche atravè pwogram sa a ak pou òganizasyon k ap bay sèvis yo. Rechèch montre ke yon travay ki estab pou yon moun k ap rekipere ka gen plizyè gwo avantaj, tankou estabilite finansye epitou li bay estrikti ak yon objektif, ansanm ak koneksyon sosyal ki ka ede anpeche izòlman.

"Sipòte moun k ap lite ak adiksyon se premye etap la, men li enpòtan menm jan an tou pou bay Nouyòkè sa yo zouti pou yo jwenn yon travay ki estab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral distribye nan chak rejyon atravè eta a, ranfòse angajman nou pou sipòte Nouyokè adiksyon te afekte pou yo kòmanse yon nouvo chapit, pandan n ap ranfòse an menm tan mendèv esansyèl nan tout eta a."

Inisyativ sa a pral ede amelyore rezilta anplwa pou moun k ap resevwa tretman ak moun ki nan rekiperasyon pou twoub itilizasyon sibstans, lè li ofri fòmasyon travay ak asistans pou plasman nan travay. Finansman ki bay la pèmèt chak benefisyè anboche oswa kenbe de konseye. Chak nan founisè sa yo te resevwa yon kontra senk ane pou montan ki endike a, pou yon total 35,620,085 dola:

Capital District

- Behavioral Health Services North, Inc: 1,456,360 dola

NY Santral

- Farnham Family Services: 1,278,805 dola

Finger Lakes

- Finger Lakes Area Counseling Recovery Agency, Inc.: 1,750,000 dola

Long Island

- Central Nassau Guidance & Counseling Services, Inc.: 1,587,895 dola
- Long Island Home (The) d/b/a South Oaks Hospital at Northwell Health: 1,177,000 dola

Mid-Hudson

- Access Supports for Living Inc.: 1,736,855 dola

Mohawk Valley

- Helio Health, Inc.: 1,616,185 dola
- Helio Health, Inc.: 1,616,185 dola

New York City

- Samaritan Daytop Village (Bronx): 1,750,000 dola
- Samaritan Daytop Village (Queens): 1,750,000 dola
- Community Health Action of Staten Island, Inc.: 1,750,000 dola
- StartCare, Inc. (Brooklyn): 1,750,000 dola
- StartCare, Inc. (Manhattan): 1,750,000 dola
- Housing Works Health Services III: 1,750,000 dola
- Educational Alliance, Inc.: 1,652,250 dola
- Montefiore Medical Center: 1,749,995 dola

North Country

- Champlain Valley Family Center for Drug Treatment and Youth Services, Inc.: 1,750,000 dola
- Behavioral Health Services North, Inc: 1,456,360 dola

Southern Tier

- Catholic Charities Steuben/Livingston: 1,745,395 dola
- St. John’s Community Services: 1,750,000 dola

Western NY

- Horizon Village: 1,739,375 dola
- Allegany Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc: 1,057,425 dola

Anplis de sa, y ap bay 7.3 milyon dola a yon òganizasyon nan nò eta a ki se Asosyasyon Nasyonal pou Pwoblèm Abi Dwòg (National Association of Drug Abuse Problems, NADAP) ak yon òganizasyon nan sid eta a (Easter Seals) pou sipòte inisyativ Konseye Reyabilitasyon Vokasyonèl yo. Òganizasyon sa yo ap travay ak konseye yo pou ede kreye opòtinite travay epi konekte moun k ap chèche travay ak sa ki disponib, epi y ap ede ak referans, swiv rezilta pwogram nan, epi sipòte siksè moun k ap chèche travay yo. Y ap travay tou pou asire yo founi sèvis yo yon fason ekitab ant zòn iben, banlye ak riral yo, pou maksimize aksè a pwogram nan pou nenpòt moun k ap chèche asistans.

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) gen plizyè pwogram pou fasilite koneksyon travay pou moun k ap rekipere, tankou yon pwogram ki bay kredi taks pou anplwayè ki anboche moun k ap refè, ansanm ak yon Pwogram Bous Detid pou Pwofesyonèl nan zafè Adiksyon, ki bay bous detid pou moun k ap chèche yon sètifikasyon oswa yon diplòm nan domèn sèvis pou adiksyon. Anpil nan moun k ap resevwa bous detid sa yo ap rekipere.

Komisè OASAS, Doktè Chinazo Cunningham te deklare, "Travay ka jwe yon gwo wòl nan rekipere moun adiksyon afekte. Malerezman, anpil toujou fè fas ak estigma epi baryè pou jwenn travay. Efò inovatè sa a pral ranfòse sistèm sipò a isit la nan Nouyòk, li pral ede moun devlope konpetans travay atravè fòmasyon, epi li pral bay asistans pou plasman nan travay pou sipòte rekipere yo ak objektif sante alontèm yo."

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Plizyè milyon Nouyòkè atravè tout eta nou an twoub itilizasyon sibstans te afekte yo, swa dirèkteman oswa endirèkteman. Sa se yon kriz ki afekte chak fanmi, chak katye, ak chak kominote. Envestisman sa yo nan devlopman mendèv ak edikasyon rekonèt yon travay ki estab esansyèl pou rekiperasyon alontèm, e founisè sèvis nou yo bezwen sipò kontinyèl pou fè travay sa a ki sove lavi. Wè resous enpòtan yo dirije nan Bronx lan, youn nan kominote kriz sa plis pi afekte, reflete apwòch sible ak santre sou moun fanmi nou yo merite a."

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta Nouyòk la sipèvize youn nan pi gwo sistèm sèvis pou adiksyon nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimyè ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entène ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman kont adiksyon, ki gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen pou malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn sou sitwèb OASAS Eta Nouyòk la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU